

ST. VINCENT'S MEDICAL CENTER

POLITIK KONSÈNAN ASISTANS FINANSYÈ

Koumanse 9 me 2017

POLITIK/PRENSIP YO

Se politik St. Vincent Medical Center (“Òganizasyon an”) pou asire li mete anplas pratik ki ekitab sosyalman pou ofri swen nan sityasyon ijans ak lòt swen ki nesèsè medikalman nan etablisman Òganizasyon an. Politik sa a fèt espesifikman pou abòde kalifikasyon pou asistans finansyè pasyan ki bezwen asistans finansyè epi ki resevwa swen nan men Òganizasyon an.

1. Tout asistans finansyè pral montre angajman nou ak respè nou pou diyite moun ak enterè piblik, fason nou gen preyokipasyon espesyal ak solidarite pou moun k ap viv nan lamizè ansanm ak lòt moun ki vilnerab yo, epi li montre angajman nou anfavè lajistis distribitiv ak sèvis pou limanite.
2. Politik sa a aplikab pou tout sèvis pou ijans ansanm ak lòt sèvis ki medikalman nesèsè Òganizasyon an bay, ikonpri sèvis doktè ki anlwaye ak sante konpòtmantal. Politik sa a pa aplikab pou aranjman pou peman pou pwosedi moun chwazi fè oswa ak lòt swen ki pa pou ijans oswa ki pa nesèsè medikalman nòmalmman.
3. Lis Founisè Politik Asistans Finansyè a Garanti se yon lis kèlkeswa founisè k ap bay swen andedan etablisman Òganizasyon an ki endike kilès nan pami founisè yo asistans finansyè a garanti ak kilès ladan yo asistans lan pa garanti.

DEFINISYON YO

Nan sa ki gen pou wè ak Politik sa a, definisyon ki anba la yo aplikab:

- “**501(r)**” vle di Seksyon 501(r) Kòd Revni Entèn lan ansanm ak règlemantasyon yo adopte ki enspire de Kòd la.
- “**Montan yo Faktire Anjeneral**” oswa “**AGB**” vle di, konsènan swen pou ijans oswa lòt swen ki nesèsè medikalman, pri yo faktire anjeneral moun ki gen asirans ki garanti swen sa a.
- “**Kominote**” vle di Vil Bridgeport, Milford ak Shelton, Connecticut, ansanm ak Minisipalite Fairfield, Easton, Monroe, Trumbull ak Stratford, Connecticut.
- “**Swen pou Ijans**” vle di swen pou trete yon pwoblèm medikal ki manifeste tèt li atravè sentòm ki ase grav (ikonpri gwo doulè, twoub sikyatrik epi/oswa sentòm abi sibstans) yon fason pou si pasyan an pa jwenn swen medikal touswit, sa kapab lakòz:
 - a. Mete nan gwo danje sante moun nan (oswa konsènan yon fanm ki ansent, tibebe li ki poko fèt la); oswa
 - b. Gwo deteryorasyon nan fonksyon kòporèl li yo; oubyen
 - c. Gwo difikilte nan fonksyonman yon ògàn oswa yon pati nan kò; oswa
 - d. Konsènan yon fanm ansent ki gen kontraksyon –
 1. Ke pa gen ase tan pou òganize yon transfè san danje nan yon lòt lopital anvan akouchman an; oswa

2. Ke transfè sa a gendwa poze yon danje pou sante oswa sekirite fanm lan oswa tibebe ki poko fèt la.
- “**Swen ki Nesesè Medikalman**” vle di swen yo deside ki nesèsè medikalman, ki baze sou desizyon ki evalye merit klinik dosye a, ke yon founisè sante ki gen lisans pran. Nan sityasyon kote yo deside swen yon Pasyan mande epi politik sa a garanti pa nesèsè medikalman selon desizyon yon doktè k ap analize dosye a, se pou doktè ki resevwa oswa ki refere pasyan an konfime desizyon an tou.
 - “**Òganizasyon**” vle di St. Vincent’s Medical Center.
 - “**Pasyan**” vle di moun k ap resevwa swen pou ijans oswa swen ki nesèsè medikalman nan Òganizasyon an ak moun ki responsab finansyèman pou swen pasyan an.

Asistans Finansyè ki Founi

Asistans finansyè yo dekri nan seksyon sa a rezève pou Pasyan ki abite nan Kominote a:

1. Pasyan ki gen revni ki mwens oswa ki egal 250% Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level, “FPL”), ap kalifye pou benefisye eliminasyon charitab 100% pri swen li yo pou pòsyon montan an ki faktire pou sèvis Pasyan an responsab pou peye apre yon asirans fin peye, si genyen.
2. Pou pi piti, Pasyan ki gen revni pi wo pase 250% FPL la, men ki pa depase 400% FPL la, yo pral resevwa yon rabè ki baze sou mwayen pou peye sou pòsyon sa nan chaj pou sèvis yo bay yo ke pasyan an responsab apre peman yon konpayi asirans, si genyen. Yo p ap faktire yon Pasyan kalifye pou rabè ki baze sou mwayen piplis lajan pase chaj AGB ki kalkile yo. Yo esplike rabè ki baze sou mwayen pou peye a nan Anèks 1 Politik sa a.
3. Pasyan ki nan sityasyon difisil ki gen revni ki piplis pase 400% FPL lan gendwa kalifye pou konsiderasyon apre yo fè yon “Tès sou Mwayen” pou benefisye kèk rabè sou montan lajan yo dwe a pou sèvis yo nan men Òganizasyon an ki baze sou yon evalyasyon detaye de kapasite yo pou yo peye. Pou fè evalyasyon “Tès sou Mwayen” an, St. Vincent’s Medical Center ap mande dokiman sila yo:
 - a. kantite moun ki nan kay la
 - b. revni anyèl
 - c. depans pou kay la
 - d. depans medikal yo
 - e. depans akòz andikap
 Yo p ap faktire yon Pasyan ki kalifye pou rabè “Tès sou Mwayen” an piplis lajan pase chaj AGB ki kalkile yo.
4. Pou yon Pasyan ki patisipe nan sèten plan asirans ki konsidere Òganizasyon an “andeyò rezo a”, Òganizasyon an gendwa redwi oswa refize bay asistans finansyè Pasyan an ta ka jwenn nòmalmman si se pa t pou sa, apre Òganizasyon an fin analize enfòmasyon asirans Pasyan an ansanm ak lòt fè ak sikonstans enpòtan.
5. Yo gen dwa pran yon desizyon konsènan kalifikasyon pou asistans finansyè nenpòt lè pandan sikl revni a epi desizyon an gendwa itilize notasyon ki baze sou prezonpsyon pou detèmine kalifikasyon Pasyan an menmsi kandida a pa te reyisi ranpli yon aplikasyon pou asistans finansyè (“Aplikasyon FAP”).

6. Yo dwe pran yon desizyon konsènan kalifikasyon pou asistans finansyè pou kèlkeswa balans pasyan ki nan difikilte responsab pou li a.
7. Pwosesis pou Pasyan ak fanmi yo pou konteste desizyon Òganizasyon an konsènan kalifikasyon pou asistans finansyè se nan fason sa:
 - a. Pasyan an oswa manm fanmi li gendwa voye yon lèt alekri bay Komisyon Kontestasyon Charitab St. Vincent's Medical Center an ("Komisyon Kontestasyon an") pou konteste desizyon konsènan asistans finansyè a. Desizyon asistans finansyè a pral gen ladann enstriksyon sou fason pou prezante yon demann devan komisyon kontestasyon yo.
 - b. Komisyon Kontestasyon an pral analize tout kontestasyon yo epi yo pral voye desizyon Komisyon Kontestasyon an alekri bay Pasyan an oswa fanmi ki te prezante kontestasyon an.

Lòt Asistans pou Pasyan ki Pa Kalifye pou Asistans Finansyè

Pasyan ki pa kalifye pou asistans finansyè, jan sa dekri anlè a, gendwa kalifye kanmenm pou lòt kalite asistans Òganizasyon an ofri. Pou kapab bay tout kalite asistans ki disponib yo nèt, lòt kalite asistans yo endike anba la a, menmsi yo pa baze sou bezwen finansyè epi yo pa sipoze konfòme yo ak 501(r), men nou make yo la a pou kominote a ki jwenn sèvis nan men St. Vincent's Medical Center.

1. Pasyan ki Pa Gen Asirans epi ki pa kalifye pou asistans finansyè ap resevwa yon rabè ki baze sou rabè yo te bay pi gwo peyè pou Òganizasyon an. Peyè ki peye plis lajan an dwe reprezante omwens 3% nan popilasyon Òganizasyon an, jan sa mezire ak volim oswa revni pasyan brit la. Si yon peyè inik pa reprezante nivo volim minimòm sa a, plis pase yon kontra peyè ta dwe kalkile pou jwenn mwayèn lan, pou kondisyon peman yo itilize pou etabli mwayèn lan reprezante omwen 3% nan volim biznis Òganizasyon an pou ane sa a.
2. Pasyan ki Pa Gen Asirans ak Pasyan ki Gen Asirans ki pa kalifye pou asistans finansyè gendwa resevwa yon rabè peman rapid. Yo gendwa ofri yon rabè peman rapid anplis de rabè pou pasyan ki pa gen asirans lan, ki dekri nan paragraf ki anlè sa a.
3. Free Bed Funds (Lajan pou Kabann Gratis) – se kado yo bay Òganizasyon an pou esponsorize yon "kabann gratis" yo ka itilize pou swen moun ki pa kapab peye pou li. Se pa yon pwogram leta men se yon don charitab Òganizasyon an jere.
4. Lòt Lajan pou Asistans tankou, men se pa sa sèlman, sibvansyon ak St. Vincent's Medical Center Foundation, Inc. (Swim Across the Sound).

Pou kapab kalifye pou Lajan pou Kabann Gratis ak pou Lòt Lajan pou Asistans, se pou yon pasyan satisfè kritè espesifik fon lajan an. Al gade Anèks 2.

Restriksyon sou Chaj pou Pasyan ki Kalifye pou Asistans Finansyè

Yo p ap faktire pasyan ki kalifye pou Asistans Finansyè grenn pa grenn plis pase AGB pou ijans ak lòt swen ki nesèsè medikalman, epi yo p ap faktire yo plis pase chaj anvan taks non plis pou tout lòt kalite swen medikal yo. Òganizasyon an kalkile youn oswa plizyè pousantaj AGB grasa metòd ki rele "retwospekasyon (look-back)", epi ikonpri frè-pou-sèvis Medicare ansanm ak tout

konpayi asirans sante prive ki peye reklamasyon bay Òganizasyon an, konfòmman ak 501(r) Ou gendwa jwenn yon kopi gratis deskripsyon kalkil ak pousantaj AGB (yo) lè ou kontakte Konseye Finansye pou Charite (Charity Financial Counselor) nan St. Vincent's Medical Center nan nimewo 475-210-6257, oswa alekri nan adrès: 2800 Main Street, Bridgeport CT, 06606, Attention: Charity Financial Counselor oswa voye yon imèl nan Financial.Assistance@Stvincents.org

Kijan pou Fè von Demann pou Asistans Finansyè ananm ak Lòt Asistans

Yon Pasyan gendwa kalifye pou asistans finansyè pa lentèmedyè kalifikasyon grasa notasyon ki baze sou prezonpsyon oswa lè li aplike pou asistans finansyè epi li prezante yon Aplikasyon FAP ki konplè. Yon Pasyan gendwa jwenn refi pou asistans finansyè si Pasyan an bay enfòmasyon ki pa kòrèk sou yon Aplikasyon FAP oswa an rapò ak pwosesis kalifikasyon notasyon ki baze sou prezonpsyon. Al gade anliy pou jwenn aplikasyon FAP an ananm Enstriksyon pou Aplikasyon FAP a nan <https://www.stvincents.org/patients-visitors/financial-assistance> oswa kontakte Konseye Finansye pou Charite (Charity Financial Counselor) nan St. Vincent's Medical Center nan nimewo 475-210-6257, oswa alekri nan adrès: 2800 Main Street, Bridgeport CT, 06606, Attention: Charity Financial Counselor oswa voye yon imèl nan Financial.Assistance@Stvincents.org

Faktirasyon ak Kolèk Lajan ki Dwe

Mezi Òganizasyon an gendwa pran sizoka li pa resevwa lajan yo dwe li dekri nan yon politik faktirasyon ak kolèk lajan apa. Ou gendwa jwenn yon kopi gratis de politik konsènan faktirasyon ak kolèk lajan ki dwe a; pou fè sa, rele nan Sant Apèl Sèvis Kliyan Pasyan (Patient Customer Service Call Center) nan 203-576-5384, oswa voye yon lèt alekri nan adrè sa a: 2720 Main Street, Bridgeport CT, 06606 Attention: Customer Service Department oswa al gade sou Entènèt nan <https://www.stvincents.org/patients-visitors/financial-assistance>

Entèpretasyon

Politik sa a dwe konfòme ak 501(r), eksepte si gen tèks espesifik ki bay lòt enstriksyon. Politik sa a, ananm ak tout pwosedi ki aplikab yo, dwe entèprete ak mete anplas konfòmman ak 501(r), eksepte lè gen tèks espesifik ki bay lòt enstriksyon.

Anèks 1

ST. VINCENT'S MEDICAL CENTER

RABÈ KI BAZE SOU MWAYEN POU PEYE

Koumanse 1 janvyè 2019

- Patients between 0% FPL and 250% FPL will receive 100% assistance
- Patients between 251% FPL and 350% FPL will receive 80% assistance
- Patients between 351% FPL and 400% FPL will receive 70% assistance

Anèks 2

St. Vincent's Medical Center Lajan pou Kabann Gratis

Anba la a, w ap jwenn lis Fon Lajan pou Kabann Gratis St Vincent's Medical Center. Si ou panse ou gendwa kalifye pou youn nan fon Lajan pou Kabann Gratis ki anba la a, ou gendwa mande pou yo prezante dosye asistans finansyè ou an devan St. Vincent's Medical Center. Direktè Egzekitif Sikl Revni an gen otorite pou akòde fon lajan pou kabann gratis ki baze sou bezwen finansye ak pèsònèl. Pou jwenn plis enfòmasyon, ikonpri yon aplikasyon, tanpri kontakte yon Konseye Finansye nan 475-210-6257.

Baker Fund

Disponib pou Depatman Ponpye ak Lapolis Bridgeport. Pasyan an dwe prezante verifikasyon ki di li manm Depatman Ponpye oswa Lapolis Bridgeport.

Harral Fund

Manm Pawas St. Augustine. Pasyan an dwe prezante yon lèt ki soti nan men Pawas St. Augustine (Bridgeport, CT) ki konfime pasyan an manm Pawas la.

Hubbell Fund

Ansyen elèv St. Vincent College oswa Bridgeport Hospital of Nursing, ki abite nan Bridgeport epi ki aktif nan Swen Moun ki Malad.

Klein Fund

Fon lajan pou ede pasyan ki nan sèvis pedyatri. Yo dwe prezante yon kopi akdenesans oswa sètifika batèm pasyan an.

Ladies of Charity Fund

Lèt ki konfime pasyan an manm òganizasyon Ladies of Charity.

Conlin Fund

Asistans pou pasyan ki pa gen anpil revni. Prezante yon prèv sou revni ak byen li yo ansanm ak yon lèt refi ki soti nan lòt sous disponib yo.

Brodbeck Fund

Sèvis nan sal dijans. Prezante prèv revni ak byen yo ansanm ak yon lèt refi ki soti nan lòt sous disponib yo.